STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 3 jiyè 2012

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ-LWA POU DEZIYEN YON PÒSYON WOUT I-390 KI NAN KONTE STEUBEN KÒM OTOWOUT MEMORYAL SÈJAN DEVIN SNYDER

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen pwojè-lwa pou deziyen yon pòsyon Wout I-390 ki nan Konte Steuben kòm Otowout Memoryal Sèjan Devin Snyder.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Sèjan Snyder te sèv nasyon nou an avèk kouraj anvan finalman, lanmò trajik li. Pandan n ap make fondasyon nasyon noun an 4 Jiyè sa a, nou dwe bay lonè pou manm sèvis ki te tonbe yo, epi mwen kontan poutèt n ap rekonèt souvni ak sakrifis Sèjan Snyder pou toutan avèk chanjman non yon pòsyon Wout I-390. Mwen di mèsi pou tout sipòtè pwojè-lwa a pou travay yo fè pou asire nou pa janm bliye sakrifis ewo nou yo.”

Nouvo non pòsyon otowout sa a bay lonè pou sakrifis dènye Sèjan Fòs Lame Etazini, Devin A. Snyder ki sòti nan Vilaj Cohocton nan Konte Steuben. Sèjan Snyder te mouri nan dat 4 jen 2011 akòz blesi li te pran lè yon anjen eksplozif sanzatann te frape veyikil li pandan li t ap fè yon patwouy nan pwovens Lagham, Afganistan. Li te afekte nan 164yèm Konpayi Lapolis Militè, nan 793yèm Batayon Lapolis Militè, pati 3yèm Brigad Amelyorasyon Mannèv ki te baze nan Joint Base Elmendorf-Richardson, Alaska. Li te premye sòlda fanm nan Western New York ki te mouri nan lagè.

Senatè Tom O'Mara di konsa, “Nou apresye siyati rapid Gouvènè Cuomo pou fè pwojè-lwa sa a vin yon lwa. Se yon lonè alè ak adapte nan Jounen Endepandans lan pou sonje lavi, sèvis ak dènye sakrifis youn nan ewo lokal nou yo. ‘Otowout Memoryal Sèjan Devin Snyder' ap toujou bay lonè pou souvni Devin, epitou l ap montre rekonesans dirab ak respè pou sèvis li pou Lamerik.“

Manm Asanble Philip Palmesano di konsa, “Deziyasyon ‘Otowout Memoryal Sèjan Devin Snyder' ofri yon lòt posiblite pou kominote Cohocton ak pou tout sitwayen Konte Steuben pou montre respè dirab yo pou kokennchenn sèvis Devin te bay avèk kouraj li pou nasyon nou an. Nou gen rekonesans pou Gouvènè Cuomo pou aksyon imedyat li sou lonè enpòtan sa a.”

###

Haitian Creole

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Haitian Creole